

# Nouvo Nimewo Pou Viktim Vyolans Nan Kay



Moun ki sòti nenpòt kote ka viktim vyolans nan kay oswa asèlman, abi oswa sityasyon ki menase lavi yo nan aktivite toulejou yo. Si ou se yon viktim vyolans nan kay, Sekirite Sosyal (Social Security) ka an mezi pou ede ou.

Kanpay pou sansibilize piblik la montre kòman li enpòtan pou viktim yo devlope plan sekirite ki gen ladan ranmasaj papye pèsònèl epi chwazi yon kote sennesof pou ale. Kèkfwapa pi bon fason pou sove anba yon moun k ap fè ou abi epi pou diminye risk vyolans ankò se ka demenaje epi viv sou yon lòt idantite. Apre chanjman sa yo, li ka itil tou pou jwenn yon nouvo nimewo Sekirite Sosyal.

Menm si Sekirite Sosyal pa bay nouvo nimewo souvan, nap fè sa lè gen prèv ki montre ou se yon viktim arasman oswa abi oswa lavi ou an danje.

Aplikasyon pou yon nouvo nimewo se yon gwo desizyon. Sa ka gen enpak sou posiblite ou pou kominike avèk biwo federal ak biwo leta, anplwayè epi ak lòt. Se paske dosye lajan ou, dosye medikal ou, dosye travay ou ak lòt dosye ap gen ansyen nimewo Sekirite Sosyal ou ak non ou te genyen an (si ou chanje non ou). Si ou gen entansyon chanje non ou, nou rekòmande ou pou fè sa anvan ou aplike pou yon nouvo nimewo.

## Kòman pou aplike pou yon Nimewo

Ou dwe aplike an pèsòn nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal. N ap ede ou ranpli yon deklarasyon ki eksplike rezon ki fè ou bezwen yon nouvo nimewo ak yon aplikasyon pou yon nouvo nimewo.

Ou ap bezwen prezante:

- Prèv ki montre arasman oswa abi a;
- Nimewo Sekirite Sosyal ou genyen nan moman an;
- Dokiman orijinal ki endike:
  - Kondisyon sitwayènte ameriken ou oswa kondisyon imigrasyon ou;
  - Laj ou;
  - Idantite ou; ak
  - Prèv ki montre chanjman legal non ou si ou chanje non ou.

Epitou, n ap bezwen wè dokiman orijinal ki montre se ou ki gen lagad nenpòt timoun ou fè demann nouvo nimewo yo pou yo ak dokiman ki pwouve sitwayènte ameriken yo, laj yo ak idantite yo.

## Estati sitwayènte ameriken ou oswa estati imigrasyon ou

Sitwayen Etazini: Nou ka aksepte sèlman sèten dokiman kòm prèv sitwayènte ameriken. Pami dokiman sa yo genyen: Batistè ameriken oswa paspò ameriken.

Moun ki pa sitwayen: Pou pwouve kondisyon imigrasyon ou, ou dwe montre nou dokiman imigrasyon ou genyen nan moman an, I-94, *Arrival/Departure Record (Dosye Antre/Sòti)*, ki te founi ou lè ou te antre Ozetazini. Si ou se yon etidyan F-1 oswa M-1, nou bezwen wè tou I-20 ou, *Certificate of Eligibility for Nonimmigrant Student Status (Sètifika Elijibilite pou Sityasyon Etidyan Non Imigran)*. Si ou se yon vizitè pou yon pwogram echanj J-1 oswa J-2, ou dwe montre nou DS-2019 ou, *Certificate of Eligibility for Exchange Visitor Status (Sètifika Elijibilite pou Sityasyon Vizitè Echanj)*.

## Laj

Ou dwe prezante batistè.

## Idantite

Nou ka aksepte sèlman sèten dokiman kòm prèv idantite. Yon dokiman akseptab dwe regilye (pa ekspire) epi li dwe montre non ou, enfòmasyon sou idantite ou epi nou pito yon foto ki resan.

Sitwayènte ameriken: Sekirite Sosyal ap mande pou wè yon pèmi kondui (lisans) ameriken, yon kat idantite leta ba ou men ki pa pou kondui swa yon paspò ameriken kòm prèv idantite. Si ou pa gen dokiman espesifik nou mande yo, n ap mande ou pou wè lòt dokiman, tankou:

- Kat Idantifikasyon Travay;
- Kat Idantifikasyon Lekòl;
- Kat Asirans-Maladi (pa yon kat Medicare);
- Kat idantite lameAmeriken; oswa
- Jijman adopsyon.

Moun ki pa sitwayen ameriken: Sekirite Sosyal ap mande pou wè dokiman imigrasyon Etazini ou genyen. Pami dokiman imigrasyon ki akseptab yo, genyen:

- Fòm I-551 (avèk tou viza imigran ki ka verifye nan aparèy ki fèt pou sa avèk paspò etranje ou ki poko ekspire);
- Fòm I-94 avèk paspò etranje ou ki poko ekspire; oswa
- I-766 (kat pèmi travay DHS ba ou).

## Ki jan yo chanje non ou sou kat ou a

Si ou chanje non ou legalman akòz maryaj, divòs, desizyon tribinal oswa nenpòt lòt rezon, ou dwe fè Sekirite Sosyal konnen sa pou ou kapab jwenn yon kat ranplasman sou nouvo non an. Si ou ap travay, se pou ou fè travay la konnen sa tou. Si ou pa fè nou konnen non ou chanje, sa kapab:

- Lakòz reta nan ranbousman taks ou; epi

- Anpeche nou poste salè ou kòrèkteman nan dosye Sekirite Sosyal ou. Sa ka diminye kantite lajan benefis Sekirite Sosyal ou alavni.

Si ou bezwen chanje non ou sou kat Sekirite Sosyal ou, ou dwe montre nou yon dokiman ki fèk sòti kòm prèv ke ou chanje non ou legalman. Pami dokiman Sekirite Sosyal ka akspete pou pwouve ke ou chanje non ou legalman genyen: sètifika Maryaj, jijman divòs, sètifika Natiralizasyon ki montre yon nouvo non ouwa lòd tribinal pou ou chanje non ou.

Si prèv la nan yon chanjman non legal pa ban nou ase enfòmasyon yo ka idantifye w nan dosye nou ouwa si yo te dokiman ou bay plis pase de ane de sa, nou menm tou nou dwe montre nou yon dokiman idantite nan ansyen non ou (jan yo montre nan dosye nou).

Maryaj, divos, ou anilasyon: An plis dokiman legal sa ki ap montre prev maryaj ou, divòs ou ouwa anilasyon mariaj, ou dwe founi dokiman pou idantifye ou. Dokiman sa yo dwe montre ansyen non ou ansanm avèk lòt enfòmasyon ki idantifye ou ouwa on foto ki resan. (Nou ka aksepte yon dokiman ki ekspire kòm evidans pou ansyen non ou.)

Adopsyon, natiralizasyon ou lòt non chanjman: An plis sa ki ap montre nou yon dokiman legal nouvo non ou, tankou yon lòd tribinal, dekrè adopsyon ou Sètifika Natiralizasyon, ou dwe montre yon dokiman idantite nan ansyen non ou (jan yo montre nan dosye nou). Si ou pa gen yon dokiman idantite nan ansyen non ou, nou ka aksepte yon dokiman ki ki gen nouvo non ou osi lontan ke nou ka byen etabli idantite ou.

Touledè dokiman sa yo dwe gen enfòmasyon ki pou idantifye ou osnon yon foto ki resan.

Sitwayènte: Si ou se yon sitwayen ameriken ki fèt nan yon peyi ki pa Etazini, epi dosye ou yo pa montre ke ou se yon sitwayen ameriken, ap bezwen bay prèv sitwayènte kòm prèv ke ou se ameriken. Si ou pa yon sitwayen ameriken, Sekirite Sosyal ap mande pou wè dokiman imigrasyon Etazini ki resan ou genyen.

Nouvo kat la ap genyen menm nimewo ak kat ou te genyen anvan an, men lap montre ke non ou chanje.

**Tout dokiman yo dwe swa orijinal ouwa kopi ki sètifye nan biwo ki founi dokiman yo. Nou pa ka aksepte fotokopi ouwa kopi dokiman ki notarye.** Nou ka itilize yon dokiman pou de (2) rezon. Pa egzanp, nou ka itilize paspò ameriken ou kòm prèv sitwayènte ak idantite ou. Oswa, nou ka itilize batistè ameriken ou kòm prèv laj ak sitwayènte ou. **Men tou, ou dwe prezante omwen de (2) dokiman apa.**

N ap voye nimewo ak kat la ba ou pa lapòs imedyatman nou jwenn tout enfòmasyon yo ak lè nou verifiye dokiman yo nan biwo ki founi yo.

## Kòman pou bay prèv ou bezwen

Se twazyèm pati yo ki prezante pi bon prèv abi a. Pami pati sa yo, gen lapolis ouwa manm pèsònèl medikal. Epi dekri kalite ak gravite arasman an, abi ouwa fason lavi ou andanje. Lòt prèv yo ka gen ladan entèdiksyon tribinal ak lèt ki sòti nan refij, manm fanmi, zanmi, konseye ouwa lòt moun ki okouran vyolans nan kay la ouwa abi a. N ap ede ou jwenn nenpòt prèv adisyonèl ki nesèsè.

## Bloke aksè nan dosye ou

Ou ka chwazi nan blòk elektwonik aksè nan dosye Sekirite Sosyal ou. Lè ou fè sa, pa gen yon, ki gen ladan ou, yo pral kapab jwenn ouwa chanje enfòmasyon pèsònèl ou sou entènèt la ouwa atravè otomatik sèvis telefòn nou yo. Si ou bloke aksè nan dosye ou ak lè sa a, chanje lide w nan tan kap vini la, ou ka kontakte Sekirite Sosyal epi mande nou dégager li. Ale nan [www.socialsecurity.gov/blockaccess](http://www.socialsecurity.gov/blockaccess) li bloke aksè nan dosye elektwonik pèsònèl ou.

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou jwenn plis enfòmasyon ak kopi bibliyasyon nou yo, ale nan sou Entènèt nan sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov), ouwa rele gratis nan nimewo **1-800-772-1213** (pou moun ki soud ouwa ki mal pou tandè, rele nan nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo an sekre. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tandè yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwòle kèk apèl telefonik.

National Domestic Violence Hotline  
(Liy Dirèk Nasyonan 24/24 pou zafè  
Vyolans nan Kay)  
**1-800-799-SAFE (7233)**  
(TTY) **1-800-787-3224**